

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan keur ngadéskripsiun struktur, fungsi, jeung ajén étnopedagogi dina carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna nu aya patalina jeung carita lauk déwa di Kabupatén Kuningan. Carita rayat lauk déwa di Kabupatén Kuningan leuwih kasohor ku carita yén lauk déwa téh mangrupa jelmaan prajurit Siliwangi anu disapa lantaran teu patuh ka Prabu Siliwangi.

Tina hasil panalungtikan kapanggih aya tilu vérsi ngeunaan carita rayat lauk déwa di Kuningan, nya éta carita rayat lauk déwa vérsi 1) Darmaloka atawa Sasakala Kancra Bodas (SKB), 2) Sasakala Lauk Déwa (SLD) vérsi Cigugur, jeung 3) Legénda Lauk Déwa (LLD) vérsi Cibulan. Tina tilu carita téh mangrupa vérsi carita nu béda. Salian ti éta kapaluruh opat carita rayat nu aya patalina jeung lauk déwa di Kuningan, nya éta 1) Balong Karamat Darmaloka (BKD), 2) Situs Balong Dalem (SBD), 3) Sindang Pasiraman (SP), jeung Carita Pasawahan (CP).

Upama dikelompokkeun dumasar kana *folklore*, ieu tujuh carita rayat asup kana wangun *mite* atawa mitos, lantaran di jerona nyangkaruk mitos-mitos anu nepi ka kiwari masih dipercaya ku masarakat di sabudeureunana. Upama dikelompokkeun dumasar kana tiori dongéng dina sastra Sunda, sakumaha nu didadarkeun ku Rusyana (dina Koswara, 2021) yén dongéng bisa dipasing-pasing dumasar kana palaku jeung lalakonna jadi, 1) Carita Karuhun (Cku), 2) Carita Kajajadén (CKé), 3) Carita Sasakala (CS) jeung 4) (CD). Dumasar kana papasingan dongéng dina sastra Sunda, carita rayat nu kapaluruh téh dipasing-pasing jadi kieu. Carita Rayat Balong Karamat Darmaloka (BKD), Situs Balong Dalem (SBD), Sindang Pasiraman (SP), jeung Carita Pasawahan (CP) asup kana katégori carita karuhun (CKu), sarta carita rayat Sasakala Kancra Bodas (SKB), Sasakala Lauk Déwa (SLD), jeung Legénda Lauk Déwa (LLD) asup kana katégori Carita Sasakala (CS).

Dumasar eusina eusina, carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna ngandung mitos anu nepi ka kiwari masih dipercaya ku masarakat. Mitos éta

dijadikeun cecekelan hirup keur ngajaga jeung ngarawat sumber daya alam. Salian ti éta, carita rayat lauk déwa ogé aya patalina jeung carita sajarah, hal ieu dicirikeun tina ayana titinggalan di unggal tempatna, saperti lauk déwa nu kiwari masih dipercaya ku rupa-rupa mitosna, ayana balong karamat, makam, balong, jeung sajabana nu kiwari masih nyampak aya di unggal tempatna, nu jadi bukti pernah ayana kahirupan di jaman beheula.

Dina analisis struktur carita, ieu panalungtikan téh nganalisis carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna dumasar kana tiori struktur Vladimir Prop. Propp nyebutkeun yén panglobana fungsi anu kapanggih dina hiji dongéng aya 31 fungsi, tapi teu sakabéh dongéng miboga fungsi anu sarua, sabab loba dongéng anu ngan saukur miboga sababaraha fungsi, sabaraha ogé jumlahna éta fungsi, tetep fungsi éta anu ngawangun kerangka pokok hiji carita. Tina jumlah tilu puluh hiji fungsi éta bisa didistribusikeun kana tujuh lingkaran atawa lingkungan aksi (*spères of action*) nu tangtu, tina fungsi palaku anu kapanggih, bisa dijieun pola jeung skéma caritana.

Dumasar hasil analisis struktur tujuh carita rayat, bisa dicindekkeun yén tiori struktur Propp bisa diterapkeun kana carita rayat najan rada dipaksakeun, lantaran carita rayat nu dianalisis umumna parondok. Ieu carita rayat téh mangrupa hasil transkripsi tina wangun lisan kana wangun tulisan, nepi ka caritana teu pati panjang atawa leuwih pondok tibatan carita séjén anu umumna geus aya dina wangun tinulis. Hasil analisis struktur Propp kana carita rayat lauk déwa nu umumna parondok, kapaluruh paling loba 18 fungsi palaku, jeung paling saeutik 5 fungsi palaku. Hal ieu dumasar kana panjang pondokna caritaan jeung pasualan dina carita. Unggal carita anu dianalisis fungsi palakuna, méré gambaran ayana ajén-inajén kahirupan anu digambarkeun ku para palaku dina carita. Tindakan para palaku dina carita mangrupa gambaran ajén-inajén budaya lokal jaman baheula nu bisa dijadikeun eunteung keur generasi kiwari, boh nu hadéna boh nu goréngna.

Saterusna, nyaéta ajén étnopédagogi tina tujuh carita rayat nu kapaluruh ti lapangan, nu dianalisis ngagunakeun pamarekan sawangan hirup manusa Sunda nurutkeun Warnaén, bisa dicindekkeun yén 1) manusa kudu miboga rasa percaya kana takdir yén manusa mangrupa salasahiji mahluk Pangéran nu kudu taat kana paréntah Pangéran, 2) manusa salaku mahluk Pangéran, kudu bisa ngabaktikeun

dirina ka Pangéran kalayan migawé paréntahna jeung ngajauhan nu dipahingna, salasahijina kumjalan dakwah, hal ieu saluyu jeung sawangan hirup manusa Sunda dina ngajaga hubunganna jeung Pangéran, 3) manusa kudu miboga ajén diri nu dibuktikeun ku ayana rasa tanggung jawab, jujur, ati-ati dina lumampah, sikep ieu bisa ningkatkeun ajén diri manusa éta sorangan, 4) manusa kudu bisa ngajaga, ngarawat sumber daya alam anu jadi salasahiji sumber kahirupan manusa, kudu bisa ngamangfaatkeunna kalayan hadé jauh tina kasarakahan manusa, ieu mangrupa gambaran hubungan manusa jeung alam 5) manusa kudu bisa ngabédakeun mana nu jadi hakna jeung mana nu jadi hak batur, 6) manusa kudu bisa silih asih, silih asah, silih asuh ka papada manusa, kudu bisa ngabédakeun mana kapentingan pribadi jeung mana kapentingan balaréa, hal ieu mangrupa ajén keur ngajaga hubungan manusa jeung manusa séjénna dina kahirupan sosial, 7) dina ngudag kasugemaan lahir batin, manusa kudu miboga rasa sukur dina dirina, jeung, 8) saluhur-luhurna élmu manusa, angger ngabutuhkeun tempat pangbalikan anu saenyana, nu saluyu jeung takdir manusa, ku kituna manusa kudu beunghar ku rasa sukur, nu mangrupa sawangan hirup manusa dina ngudag kasugemaan lahir batin.

Pamungkas, fungsi carita rayat tina tujuh carita rayat nu kapaluruh bisa dicindekkeun yén fungsi carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna di Kabupatén Kuningan bisa dikelompokeun jadi lima fungsi nyaéta, 1) fungsi keur ngajaga jeung ngarawat sumber daya alam, 2) fungsi sajarah, 3) fungsi agama atawa dakwah, 4) fungsi atikan, jeung 5) fungsi keur ningkatkeun ajén pariwisata. Éta fungsi-fungsi téh dasarna tina tiori fungsi *folklore* nu ditétélakeun ku Bascom (dina Danandjaja, 1994, kc. 19). Fungsi-fungsi nu dimaksud tina hasil panalungtikan dicangking ti saluareun jeung ti jero caritana. Ti saluareun caritana miboga fungsi keur ngajaga jeung ngarawat sumber daya alam, sarta fungsi keur ningkatkeun ajén pariwisata. Dua fungsi ieu sumberna ti saluareun carita rayat, nya éta hasil interpretasi tina wawancara jeung ningali kaayaan sosial di masarakat. Bukti ayana fungsi keur ngajaga jeung ngawétkeun sumber daya alam nya éta tina kapercayaan masarakat kana mitos nu nyangkaruk dina carita rayat éta sorangan, saperti mitos ngeunaan lauk déwa nu teu meunang diala jeung teu meunang didahar, mitos sindang pasiraman, mitos sumur tujuh jeung sajabana, hal ieu dipangaruhan ti unsur di saluareun carita, nya éta tina kapercayaan masarakat kana éta mitos, najan mitos

bagian tina carita rayat, tapi mun masarakatna teu percaya kana éta mitos, tangtuna masarakat bakal ngabangbalérkeun éta mitos, nu antukna fungsi ngajaga jeung ngarawat sumber daya alam téh moal lumangsung nepi ka kiwari. Salian ti éta, aya fungsi anu asalna ti jero carita rayat, nya éta fungsi sajarah, fungsi atikan, jeung fungsi agama atawa dakwah. Hal ieu kapaluruh tina eusi carita rayat, hasil ieu panalungtikan nyebutkeun aya patalina carita rayat jeung sajarah nu dibuktikeun ku ayana bukti tittinggalan jaman baheula, mangrupa makam, balong, jeung sawah. Najan buktina aya di saluareun carita, tapi eusi carita matalikeun jeung kaayaan di saluareun carita ku cara dibuktikeun ku tittinggalan-tittinggalan jaman baheula. Fungsi atikan, fungsi ieu bisa katitén tina fungsi palaku nu digambarkeun ku para palaku dina carita rayat, aya palaku nu alus budi, aya palaku nu goréng adat, jeung sajabana. salian ti fungsi palaku, fungsi atikan ogé bisa disawang ngaliwatan mitos-mitos nu dipercaya ku masarakat, mitos lain saukur mitos, tapi di jerona aya hal anu kudu interprétasikeun ku masarakat, saperti keur ngajaga lingkungan, ngajaga alam, ngajaga jeung ngarawat sumber daya alam, jeung étika dina kahirupan. Fungsi agama atawa dakwah, fungsi ieu kapanggih dina eusi carita, anu umumna nyaritakeun sumebarna agama Islam di Kuningan, kalayan tokohna diperankeun ku para wali jeung ulama nu miboga élmu kasaktian atawa meunang karomah ti Gusti Allah Swt.

Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun tatapakan keur panalungtikan séjénna nu aya patalina jeung struktur carita rayat jeung ajén étnopédagogi. Struktur naratif Vladimir Propp nu salaku péso analisis keur ngaguar struktur carita rayat, bisa dipaké ogé keur ngaguar ajén-ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina carita, ngaliwatan fungsi palaku nu diguar ku struktur naratif Propp. Kitu ogé tina ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina carita rayat, bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan, bisa ogé dilarapkeun keur bahan atikan, boh disakola boh di masarakat.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan tradisi lisan, *folklore*, jeung sastra lisan nu mangrupa dongéng atawa carita rayat lauk déwa jeung sababaraha dongéng séjénna nu aya patalina jeung carita lauk déwa di Kuningan. Lauk déwa anu leuwih kasohor nya éta lauk déwa anu ayana di balong pamandian Cibulan nu aya di Désa Maniskidul, Kacamatan Jalaksana, Kabupatén Kuningan, nu mangrupa salahiji objék wisata nu aya di Kuningan, salian ti éta, carita nu leuwih kasohor nya éta yén lauk déwa téh mangrupa prajurit Prabu Siliwangi nu disapa lantaran teu patuh ka Sangprabu. Tapi sanggeusna ditalungtik, lauk déwa téh aya di lima Kacamatan nu aya di Kuningan, nyaéta, Kacamatan Darma, Cigugur, Jalaksana, Cilimus, jeung Pasawahan. Salian ti éta, carita nu sumebar di masarakat ogé kapaluruh aya tilu vérsi carita anu béda-béda. Hal ieu nuduhkeun yén ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun acuan keur nambah pangaweruh masarakat kana carita rayat lauk déwa, nu mangrupa bagian tina sastra lisan, *folklore* jeung tradisi lisan, kiwari minat masarakat kana ngadéngékeun dongéng atawa ngadongéng téh geus ampir leungit, lantaran kamekaran téhnologi. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan, bisa méré mangfaat keur dinas pariwisata jeung obék wisata sangkan bisa jadi daya tarik keur wisatawan ngadatangan objék wisata nu aya di Kuningan, hususna nu aya lauk déwa salian di Cibulan.

Saterusna, héséna néangan narasumber nu nandakeun yén sumebarna carita rayat téh geus teu jiga beheula. Kiwari geus hése néangan narasumber nu kompetén, boh tina umur, boh tina kaparigelan nu bakal ngaleungitkeun carita rayat di masarakat. Ku ayana panalungtikan ieu, bisa jadi cara keur ngarsipkeun jeung ngadokuméntasikeun carita rayat nu sumebar di masarakat sangkan générasi ka hareupna angger apal kana carita rayat nu mangrupa warisan budaya karuhun.

Salian ti éta, pedaran struktur, fungsi jeung ajén étnopédagogi nu mangrupa péso keur ngaguar ajén-inajén nu nyangkaruk dina carita rayat, mangrupa salahiji tarékah sangkan nu maca ieu hasil panalungtikan apal jeung bisa nerapkeun ajén-ajén kaarifan lokal nu nyangkaruk dina carita rayat lauk déwa, éta hasilna téh bisa dimangfaatkeun keur jadi salahaiiji alternatif keur milih bahan pangajaran boh di sakola boh di masarakat.

### 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi keur lembaga-lembaga pamaréntahan anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta, keur Dinas Pendidikan jeung Kabudayaan, Dinas Pemuda, Olahraga jeung Pariwisata, sarta keur panalungtik séjénna.

Pikeun Dinas Pendidikan jeung Kabudayaan, ieu panalungtikan téh bisa dimangfaatkeun keur salasahiji alternatif milih bahan ajar maca dongéng, lantaran eusi dina ieu carita rayat ngandung ajén-inajén kahirupan nu dumasar kana kaarifan budaya lokal. Keur bidang kabudayaan, hasil panalungtikan ieu bisa dimangfaatkeun keur arsip jeung dokuméntasi carita rayat nu aya di Kuningan, hususna carita rayat nu aya patalina jeung lauk déwa di Kuningan, sabab carita rayat nu sumebar di masarakat kiwari geus ampir leungit lantaran geus kurangna pewarisan carita rayat nu mangrupa salasahiji bagian tina *folklore* jeung tradisi lisan nu mangrupa warisan budaya karuhun.

Keur Dinas Pariwisata jeung nu ngokolakeun objék wisata, hasil ieu panalungtikan téh dipiharep pisan bisa dimangfaatkeun keur ngirut minat wisatawan, sangkan objék pariwisata di Kuningan ramé sarta miboga ajén leuwih, salian ti hiburan tapi ogé bisa nambah pangaweruh keur para wisatawan nu datang ka éta objék wisata.

Keur panalungtik séjénna, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun tatapakan panalungtikan nu aya patalina jeung carita rayat, hususna carita rayat lauk déwa, sarta panalungtik nu séjén dipiharep bisa nalungtik deui carita rayat séjén nu aya di sabudeureunana keur ngajaga jeung ngawétkéun carita rayat nu ampir leungit.